

Asi soy yo

Kijan idantite timoun yo fòme?

“¡SE KONSA MWEN YE!, INIK/ EPI PAGEN DE TANKOUM”

Se Direksyon Edikasyon an ki Elaborel

Kisa idantite a ye?

Se ansanm karakteristik yon moun genyen ki diferan ak yon lòt, yo fèw inik e pagen de tankouw; konnen **kiyès mwén ye, enpòtan nan devlopman idantite timoun yo paske li definio kijan yo wè pwòp tèt payo epi kijan yo pral relasyone yo ak lòt moun.** Idantite a chanje tout pandan lavi a, depi nan anfans la jiska vyeyès, men, se nan peryòd vital saa yo konstwi poto debaz pou devlopman moun yo.

Nou dwe distenge 3 aspè: **idantite** timoun nan, sa vle di, **kiyès li ye?**; **otoimaj li**, sa vle di, **kiyès li kwèl ye?** Ak **estim de swa li:** **konbyen epi kijan li bay tèt li valè, epi si timoun nan renmen pwòp tèt li?** nan devlopman idantite a, otoimanj la enfliyanse sou estim de swa a.

Otoimaj

IDANTITE

Estim de swa

LI ENPÒTAN POUW KONNEN:

- Idanite yon timoun kòmanse fòme depi na eksperians li genyen ak moun ki nan antouraj li, espesyalman li konstwi **an fonksyon de imaj ke moun li renmen yo eksprime de li.** Poutan, pou timoun nan gen yon imaj pozitif sou otoimaj li ak estim de swa li, li bezwen pou fanmil, espesyalman manmanl ak papal oswa moun kigen responsabilite pou veyel yo montre yo renmenl, fòtifye li, karakteristik li ak sa ki bon nan li.
- **Yimoun an ap ka renmen pwòp tèt pal si li te gen moun ki renmen!** Sa timoun an panse de pwòp tèt li depann de fason yo tretel epi bal valè nan antouraj li.
- Yon timoun gen kalite byen detèmine, tankou pa egzanp, kirye, imaginatif, responsab, elatriye, si fanmi li pa rekonèt epi pale de karakteristik li genyen nan li, oswa pa bal valè, timoun an pap konsyan k eligen bagay sayo ki bon nan li.
- Timoun yo bezwen toujou kenbe eta byennèt yo ak stabilite yo ak sa kigen pou wè ak otoimaj ak estim de swa yo. Nan menm manyè yon tioun kla santil komod oswa lipa alèz ak pwòp tèt li lika santi sa ak yon lòt moun, se konsa lika santil byen ak pwòp tèt li konsa ak lòt moun sa depann de jan yo tretel lakay li, kijan de mesaj li resevwa de limenm menm.



Kijanw ka ede yon timoun konstwi idantitel pozitivman?

- Transmèt yo konfyans, ak konfyans nan tèt pa yo yon fasyon pou yo kapab reyalize pwòp objektif.
- Ranfòse ak rekonèt reyalizasyon yo, kèlkeswa jan yo piti. Egzanp "ou te jenere ak ti zanmi w lan nan pak la, mwen felisite ou", "ou te bèl Rosita, ou te ede Felipe nan jwèt la".
- Aprann li ke erè yo fè pati aprantisaj epi yo pa diskalifye li.
- Kritike konpòtman ki pa apwopriye nan timoun nan, men sepa pa timoun nan pou pwòp tèt li, pa egzanp: "ou pa t mete jwèt yo nan lòd jwèt yo jan mwen te mande a, mete yo lwen kounye a", olye pou yo di "ou parese", "ou sal", dènye lèt afekte estim pwòp tèt ou.
- Soulaje kalite ou yo, pa konpare li ak lòt frè / sè oswa kòlèg li yo.
- Rele l nan non l', pa di oswa mete ti non tankou "nwa", "ti fi", elatriye... ki ka bay yon imaj apwopriye.
- Montre afeksyon enkondisyonèl ak lanmou ou genyen pouli, sa ap ede yo byennèt jeneral yo, lape de yo santi yo an sekirite emosyonèlman epi lap amelyore aprantisaj yo.



- Olye pouw deside pou li, mande sa yo vle ak sa yo renmen, eksprime preferans yo pou objè, sitiyasyon ak jwèt.
- Ankouraje otonomi yo, kite yo fè bagay pou tèt yo selon laj yo.
- Pou ti bebe, oswa timoun piti ki anpil yo, ede yo rekonèt non yo, avèk èd yon glas, imaj fizik yo tou.
- Valide emosyon yo (kè kontan, tristès, pè, kòlè elatriye...) epi pa reprime yo, sèvi ak fraz tankou, "Mwen konnen ou tris paske jwèt ou kraze e se pou sa ou kriye", men evite di "pa kriye , pa gen anyen mal ki pase, ki jan ou pral fè lapenn pou sa sèlman".

Direksyon Edikasyon